



Refleksyon sou premye semèn mwen kòm Chanselye

Chè fanmi ak kòlèg,

Semèn pase, premye semèn mwen kòm Chanselye Lekòl Leta Vil Nouyòk, te pote anpil motivasyon epi te gen anpil enpak sou mwen. Mwen te vizite lekòl nan senk borough yo, epi mwen te rankontre avèk elèv, estaf, fanmi ak manm kominote a—epi lide yo bay ak refleksyon yo fè kontinye enspire mwen.

Lendi, mwen te vizite salklas nan PS/MS 194 ki nan Bronx, lekòl kote mwen te anseye nan kòmansman ane 2000 yo. Te gen kèk nan moun mwen te konnen ki te akeyi mwen, tankou ansyen elèv mwen Abdulla, ki te pase jis pou yon vizit. Prezans li te espesyalman enpòtan. Lè Abdulla te yon elèv, li pa t toujou santi li te vrèman nan plas li nan lekòl la. Lè sa a, mwen te eseye jere pwoblèm sa a nan jwe foutbòl ak fè kous avèk li. Pandan vizit nou an, li te fè m konnen ti moman sa yo te ede l santi yo pran l an konsiderasyon ak konprann li.

Eksperyans sa a kontinye enfliyanse fason mwen panse sou travay nou jodi a. Mwen angaje m pou m dirije yon sistèm ki bay priyorite nan sipòte elèv, anviwònman ankourajan, ak ansèyman bon kalite ki adapte avèk kilti. Antan edikatè ak lidè NYCPS depi plis pase 20 ane, epi antan yon paran ki gen fyète nan de elèv NYCPS li yo, mwen kwè chak timoun merite lekòl ki ansekirite, ki

solid onivo akademik, epi ki vrèman entegre. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou domèn konsantrasyon sa yo nan [mesaj mwen te voye bay fanmi yo](#) deja.

Mwen anvi kolabore avèk ou pandan n ap prepare elèv nou yo (tankou Abdulla, ki kounye a ap briye nan karyè li!) pou yon avni briyan, ki reyisi.

Nan kolaborasyon,

Kamar H. Samuels
Chanselye

Pou jwenn plis nouvèl ak resous, ale sou [The Morning Bell](#) oswa suiv NYCPS sou entènèt nan [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#), ak [YouTube](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl sa a ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).